



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DÈNYE ENFÒMASYON SOU PREPARASYON YO PANDAN KE VAN KI EKSTRÈMMAN FÒ YO KÒMANSE AFEKTE NEW YORK

Rafal Van yo Ka Atenn 65 a 80 Kilomèt Pa Èdtan Nan Laplipa eta a; 113 a 121 Kilomèt Pa Èdtan nan Rejyon Lwès New York ak Pòsyon Rejyon Lwès nan North Country

Yo te Aktive Yon Total 250 Manm Gad Nasyonal pou Ede Netwaye Debri yo

Sèvis Piblik yo Pare pou Entèvni pou Entèripsyon Kouran yo 24 sou 24

Yo te Mete Entèdiksyon pou Tout Traktè a Remòk ki Vid yo ak Gwo Kamyon ki Vid yo sou Pòsyon Thruway Eta New York yo ak Otowout Ant Eta yo

Yo te Mete Entèdiksyon pou Tout Traktè a Remòk ki Vid yo ak Gwo Kamyon ki Vid yo sou Pon MTA yo Kòmanse Apati 10 A.M. nan Dimanch

Sant Operasyon Ijans Eta a Pral Rete Aktive an Mòd Siveyans Entansifye Pandan Tanpèt la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay moun New York yo jodi a dènye enfòmasyon sou preparasyon eta a te fè yo pandan ke van ki ekstrèmman fò epi danjere yo kòmanse afekte laplipa eta a. Aktyèlman, yon briz frèt ap vanse atravè Eta a ki ap pote ak li yon melanj modèl presipitasyon yo, ansanm ak van ki ekstrèmman fò yo, pandan jounen Dimanch ak Samdi yo. Yo prevwa ke van yo pral soufle fò a oswa depase 72 kilomèt pa èdtan laplipa tan nan Dimanch swa ak Lendi nan majorite kote nan eta a, ak rafal van yo ki ap apwoche 121 kilomèt pa èdtan pa moman nan Rejyon Lwès New York ak pòsyon rejyon lwès nan North Country.

An repons, Gouvènè a te aktive yon 150 manm Gad Nasyonal (National Guard) adisyonèl pou asiste nan netwayaj fatra ki asosye ak tanpèt yo, sa ki ap pote kantite total aktivasyon manm Gad Nasyonal yo rive 250. An plis, sèvis piblik yo prepare pou entèvni 24 sou 24 pou entèripsyon kouran yo epi yo gen manda pou mete sou pye plan entèvansyon ijans yo lè sa nesèsè. Yo te mete entèdiksyon pou traktè a remòk ki vid yo ak gwo kamyon ki vid yo sou pòsyon Thruway Eta New York yo ak kèk otowout ant eta yo nan Rejyon Lwès New York, New York Santral ak Finger Lakes kòmanse apati 10 A.M. nan Dimanch maten. Kòmanse apati 10 A.M. nan Dimanch swa, yo pral entèdi tou pou traktè a remòk ki vid yo ak gwo kamyon ki vid yo vwayaje sou sèt pon ki jere pa MTA nan Vil New York.

“Yon bagay ke nou te aprann ankò e ankò nan sitiwayon metewo grav sa yo se ke si ou rete tann tanpèt lan devlope pou ou pran mezi yo, li twò ta”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou te pran tout prekosyon pou asire yon entèkansyon komòd pou van ki fò yon nivo danjere sa yo, epi nou te mete li klè pou sèvis piblik yo ke yo dwe travay pou retabli kouran pi rapid posib. Mwen egzòte tout moun New York yo pou yo rete an alèt pandan sistèm tanpèt sa a epi pou yo rapòte nenpòt entèripsyon kouran bay sèvis piblik yo imedyatman.”

Traktè a remòk ki vid yo ak gwo kamyon ki vid yo aktyèlman gen entèdiksyon sou otowout ant eta yo ak Pon MTA ke nou pral site la yo jiska nouvèl òd:

Otowout Depatman Transpò yo (Department of Transportation, DOT):

- I-390 soti nan Dansville rive nan Rt 104
- I-490 soti nan Sòti 45 sou I-90 lan pou rive nan Sòti 47 sou I-90 lan
- I-590 (sou tout longè)
- Rt 104 nan Bay Bridge
- I-190 soti nan Grand Island rive nan Lewiston / Queenston
- I-290 soti I-190 rive I-90
- NY 5 soti nan I-190 pou rive nan NY 179 (ak yon entèdiksyon total pou kamyon sou seksyon ki elve nan Skyway lan)
- US 219 soti nan I-90 rive nan Peters Rd
- NY 400 soti nan NY 16 pou rive nan I-90
- I-990 soti nan I-290 pou rive nan NY 263

Otowout Thruway yo:

- I-90 ki ant Sòti 31 (Utica) ak Sòti 61 (Ripley rive nan Liy PA)
- Thruway Niagara (I-190)

Pon MTA yo:

- Pon Robert F. Kennedy
- Pon Throgs Neck
- Pon Verrazano-Narrows
- Pon Bronx-Whitestone
- Pon Henry Hudson
- Pon Marine Parkway-Gil Hodges Memorial
- Pon Cross Bay Veterans Memorial

Aktyèlman, yo prevwa ke Rejyon Lwès New York ak konte yo ki sou tout Lake Erie ak Lake Ontario yo pral eksperimante pi gwo van ki andomajan yo. Rafal van yo te ogmante atravè Rejyon Lwès New York nan Dimanch maten, epi yo pral kontinye gaye toupatou nan Rejyon Finger Lakes, New York Santral ak North Country yo pandan jounen an ap pase. Rafal van yo pral ogmante rapidman jiska 121 kilomèt pa èdtan atravè Konte Chautauqua, Fwontyè Niagara rejyon nò a, Rochester ak nan Konte

Jefferson dèyè briz lan. Gwo van yo ki sou Lake Erie ak Lake Ontario pral pwobableman pote tou yon ogmantasyon nan nivo dlo sou tout rivaj lan, epi tou kreye nèj ki ap soufle yon fason konsiderab ak vizibilite ki redwi nan Dimanch swa ak Lendi maten.

Yo prevwa ke pral gen youn a twa pous nèj nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes, epi yo prevwa ywit a douz pous nan rejyon Tug Hill Plateau akòz nèj ki jenere ak efè Lak yo. Ak van ak nèj konbine yo, pral gen yon Avètisman pou Tanpèt Nèj yo pou Konte Oswego, Jefferson ak Lewis.

Previzyon yo prevwa ke rafal van maksimòm yo pral rive atenn 72 kilomèt pa èdtan nan Vil New York ak nan Long Island; 80 kilomèt pa èdtan nan Rejyon Mid-Hudson, Kapital, Mohawk Valley, New York Santral ak Southern Tier; ak 113 kilomèt pa èdtan atravè North Country; ak 121 kilomèt pa èdtan nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes.

Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te deja poste Alèt ak Avètisman pou Gwo Van yo pou majorite Eta a. An plis, Alèt pou Inondasyon sou Rivaj yo pral an vigè nan Dimanch rive Lendi pou konte ki nan lès Lake Erie ak Lake Ontario pandan ke gwo van yo pral kreye aksyon konsiderab vag yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

Yo raple otomobilis yo ke lalwa egzije si “pa gen kouran” nan yon kafou epi limyè siyalizasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa vin tounen yon arè nan kat sans. Nan ka gen wout ki fèmen oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo pral aktive Sant Operasyon Ijans nan Eta a an mòd siveyans entansifye nan Dimanch maten pou ka siveye de prè sistèm metewo a ak enpak li yo. Divizyon an ap kowòdone tou ansanm ak ajans eta yo ak gouvènman lokal yo pou asire ke resous ki soti nan dis rezèv rejyonal Eta a yo disponib pou deplwaman pandan tanpèt la. Aktyèlman, rezèv yo prepare pou reponn a demann pou asistans avèk resous ki soti nan estokaj rezèv li yo, ki gen ladan:

- Plis pase 725 jeneratris
- Plis pase 1,250 ponp
- Plis pase de milyon sak sab
- 19 machin pou ranpli sak sab
- Plis pase 6,700 pye Baraj pou Dlo

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik lan an kontak ak chèf egzekitif prensipal sèvis piblik yo pou asire ke sèvis piblik yo prepare pou move tan, epi li pral siveye de prè efò sèvis piblik ki ap fèt

pou prepare tanpèt yo pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize entèripsyon yo epi akselere retablisman kouran yo. Sèvis piblik elektrik ak gaz, menm jan tou ak founisè sèvis telekominikasyon, tankou Verizon, pare pou mete pèsonèl adisyonèl pou minimize enteripsyon sèvis, si yo rive.

Sèvis piblik New York yo gen prèske 7,000 travayè ki disponib pou efò restorasyon yo, ansanm ak plis pase 1,700 ekip pou liy ekstèn ak pye bwa yo ke yo te pote pou evènman sa a, pou deplwaye nan zòn ki pi afekte yo. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye depre pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la. Sèvis piblik yo pral kontinye garanti resous ki ajoute yo an antisipasyon a entèripsyon pwolonje yo akòz van ki ap kontinye yo ki ka retade efò restorasyon yo.

Sèvis Piblik pare pou reponn 24 sou 24 lè gen pa-n kouran e yo egzije yo pou mete sou pye yon plan repons ijans, lè sa nesèsè, sa ki gen ladan kontakte kliyan ki sou ekipman sipò lavi ak lòt kliyan frajil. Moun New York yo ta dwe prepare yo pou entèripsyon yo ki ka dire plizyè jou.

Akòz gwo move tan konsiderab potansyèl yo, Depatman an te pwolonje orè fonksyonman Liy Asistans Sant Apèl li an kòmanse apati Dimanch 24 Fevriye soti 9:00 A.M. jiska 5:00 P.M., pou ede kliyan yo nan efò entèkansyon ak restorasyon yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Dapèl Depatman la nan [\(800\) 342-3377](tel:8003423377). Anplwaye Depatman an pral siveye e rapòte enpak tanpèt la ak aktivite restorasyon sèvis piblik pandan tout evènman an e y ap sou plas, jan sa nesèsè.

Anplwaye Depatman pral kontiye kontwòle efò sèvis piblik la pandan peryòd reparasyon an. Konpayi elektrik yo prepare pou entèvni nan ka kouran elektrik la koupe pandan tout evènman an.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)

Otorite Enèji New York la te prepare etablisman ak operasyon li yo pou metewo ke yo prevwa yo, ansanm ak gwo van yo. Nan Niagara, NYPA ap plase ekipman pou prepare pou nenpòt reparasyon kab an asye ki nesèsè yo epi pou nenpòt aktivite ki nesèsè pou kraze glas yo. An plis, NYPA te pran mezi ki nesèsè pou operasyon sekirite ki ap kontinye yo pou sipòte fyabilite rezo a. Ekip transmisyon NYPA yo pare pou entèvni pou evènman ki ka afekte sistèm transmisyon an. NYPA an kominikasyon tou ak patnè sèvis piblik minisipal yo ak sèvis piblik ki se pwopriyete investisè yo pou kowòdone entèkansyon asistans mityèl potansyèl yo pou entèripsyon yo, si sa nesèsè. NYPA pral kontinye kominike ak patnè sèvis piblik ak jesyon ijans yo, epi yo pral kontinye siveye previzyon metewo yo.

Depatman Transpò

Depatman Transpò a gen plis pase 3,900 sipèvize ak operatè atravè eta a ki prepare pou entèvni pou evènman wikenn sa a. Depatman an gen aktyèlman 78 kamyon dechiktez, 53 kamyon pou siyal sikilasyon yo, 15 kamyon nasèl pou ekip pou pye bwa yo, ak 45 kamyon chajè ki gen grapen atravè eta a.

An plis, pou sipòte aktivite entèvansyon nan zòn krisyal yo, yo pral deplwaye epi distribye 15 kamyon dechiktez pou bwa yo, 4 kamyon pou siyal sikilasyon yo, 1 kamyon forez, 1 kamyon nasèl pou ekip pou pye bwa, 1 kamyon travay sèvis mwayen, 27 siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo ak 13 pèsonèl - ansanm ak 8 teknisyen pou siyal sikilasyon yo, 3 pèsonèl nan ekip pou pye bwa yo, ak 2 espesyalis sipò ICS jan nou pral site la a:

NY Santral:

- Ap resevwa 1 kamyon pou siyal sikilasyon ak 2 teknisyen pou siyal sikilasyon yo ki ap soti nan Rejyon Mid-Hudson lan.

Finger Lakes:

- Ap resevwa 1 kamyon pou siyal sikilasyon ak 2 teknisyen pou siyal sikilasyon yo ki ap soti nan Distrik Kapital
- Ap resevwa 9 siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo ki soti nan New York Santral

Rejyon Lwès NY:

- Ap resevwa 4 kamyon dechiktez yo ki soti nan Rejyon Kapital
- Ap resevwa 3 kamyon dechiktez yo ki soti nan Mohawk Valley
- Ap resevwa 4 kamyon dechiktez yo ki soti nan Rejyon Mid-Hudson
- Ap resevwa 4 kamyon dechiktez yo ki soti nan Southern Tier
- Ap resevwa 1 kamyon pou siyal sikilasyon ak 2 teknisyen pou siyal sikilasyon yo ki ap soti nan Southern Tier
- Ap resevwa 1 kamyon pou siyal sikilasyon ak 2 teknisyen pou siyal sikilasyon yo ki ap soti nan Mohawk Valley ak Rejyon Kapital lan
- Ap resevwa 6 siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo ki soti nan Mohawk Valley
- Ap resevwa 6 siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo ki soti nan New York Santral
- Ap resevwa 6 siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo ki soti nan Southern Tier
- Ap resevwa 1 kamyon forez yo ki soti nan Southern Tier
- Ap resevwa 1 kamyon nasèl pou ekip pou pye bwa, 1 kamyon travay sèvis mwayen ak 3 pèsonèl nan ekip pou pye bwa yo ki soti nan Rejyon Mid-Hudson

Kamyon dechiktez ak kamyon forez yo aktyèlman nan zòn pozisyonman yo epi yo pare pou deplwaye. Douz siyalizasyon mesaj varyab pòtab yo aktyèlman nan zòn pozisyonman yo epi yo pare pou deplwaye; rès 15 yo sou wout nan zòn pozisyonman yo. Yo te deplwaye ekip pou siyal sikilasyon yo ak twa pèsonèl nan ekip pou pye bwa yo nan zòn ki te afekte nan Samdi yo epi yo pral an plas alavans aktivite van yo.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Pèsonèl nan Otorite Thruway yo prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van yo avèk 667 operatè ak sipèvizè atravè eta a, eskavatris tay mwayen ak sa piti yo, kamyon chasnèj/fatra yo, gwo kamyon chajè, ak yon kantite pano VMS pòtab yo, pote limyè pòtab, dèlko ki pi piti, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab yo (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyo yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan yo sou Thruway lan.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka swiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York la yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)

MTA ap siveye konstaman van ak kondisyon wout yo, epi pon MTA yo pral gen yon entèdiksyon sou traktè a remòk ak gwo kamyon vid yo soti apati 10 pm nan Dimanch pou rive 6 pm nan Lendi. MTA ka limite tou veyikil, tankou tout traktè a remòk yo, si van nan pon yo rive atenn 80 kilomèt pa èdtan yo kontinye. Lapolis Eta a, Gad Nasyonal ak NYPD ki nan etablisman Pon ak Tinèl MTA yo pral asiste pèsonèl MTA yo si sa nesèsè. Long Island Rail Road, Metro-North Railroad ansanm ak NYC Transit gen pèsonèl ki pare pou entèvni pou pye bwa ak kab ki tonbe yo nan espas lib yo.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta a pral pare pou deplwaye Manm Patwouy adisyonèl nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè, epi tout patwouy Inite Ranfòsman Veyikil Komèsyal (Commercial Vehicle Enforcement Unit) ak Jesyon Ensidan Sikilasyon yo (Traffic Incident Management) pral angaje aktivman pandan dire evènman metewo a. Yo mete an sèvis tout veyikil patwouy kat pa kat yo epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj, Veyikil Sèvis Piblik yo, ak bato yo, deja an pozisyon epi yo pare pou itilizasyon.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye lapolis yo ki nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Jandam Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak pèsonèl rejyonal yo an alèt epi yo ap siveye sitiyaasyon ki ap devlope a. Venteyen ekip ki ak twonsonez yo plase yon fason estratejik nan rejyon kle yo nan eta a, epi yo pare pou asiste nan nenpòt netwayaj pye bwa yo ak nesèsite entèvansyon yo. An plis, tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo ak veyikil sèvis piblik yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Lòt konsèy sekirite

Pou prepare pou entèripsyon kouran potansyèl yo, moun New York yo ta dwe:

- Gen yon lis nimewo ijans ki deja disponib.
- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Si ou gen yon aparèy pou ouvri pòt garaj elektrik, lokalize levye ouvèti manyèl lan epi aprann jan li fonksyone.
- Kenbe tank gaz machin ou an omwen a mwatye plen; estasyon gaz yo depann sou elektrisite pou alimante ponp yo. Si ou itilize machin ou an pou rechaje mataryèl yo, pa kenbe machin lan ap fonksyone nan yon garaj, yon espas ki fèmen pasyèlman, oswa ki tou pre yon kay - sa kapab lakòz anpwazònman akòz monoksid kabòn.
- Planifye pou gen yon sous altènatif pou kwit manje, tankou yon fou pou kan oswa griy ekstèn. Swiv règ sekirite ki apwopriye yo pou itilizasyon li deyò rezidans lan.
- Si ou ap konsidere achte yon jeneratris pou lakay ou, konsilte yon elektrisyen oswa yon enjenyè anvan ou achte epi enstale li.
- Toujou genyen dra, manto, chapo, ak gan ekstra ki disponib pou kenbe ou cho.
- Si ou gen yon òdinatè, sovgade dokiman yo ak sistèm fonksyònman yo regilyèman. Fèmen tout òdinatè, ekran, ak lòt aparèy yo lè ou pa'p itilize yo.
- Si ou depann sou nenpòt bagay ki fonksyone ak batri oswa kouran tankou yon aparèy medikal, detèmine yon plan rezèv. Pa egzanp, si ou gen yon telefòn ki bezwen elektrisite pou li fonksyone, planifye mwayen komunikasyon altènatif tankou yon seri telefòn estanda, selilè, oswa radyo.
- Enfòmè ou sou plan ijans yo nan zòn ou an, ansanm ak adrèsabri rafrechisman ak pou chofaj ki pi pre ou yo, lè ou ap vizite sit entènèt eta oswa lokal ou an.

Si moun New York yo ap eksperimante yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte aparèy majè ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Toujou kite yon anpoul limen pou ou ka konnen lè yo retounen bay kouran an. Konsidere itilize pwotektè pou sichaj kouran yo nenpòt kote ke ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la](#).

- Verifeye pou wè si vwazen ou yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.
- Lè li fè cho anpil, konsidere ale nan yon teyat pou fim, gwo espas magazen acha yo oswaabri pou rafrechisman yo. Si ou rete lakay ou, desann nan pi ba nivo a - lè fre yo bese. Mete rad ki lejè, ki pa gen gwo koulè yo, epi bwè anpil dlo, menm si ou pa santi ou swaf.
- Si ou nan yon batiman ki wo, itilize eskalye yo epi ale nan nivo ki pi ba nan batiman an. Si ou bloke nan yon asansè, rete tann asistans. Pa eseye fòse pòt yo ouvri. Rete pasyan - genyen anpil lè epi anndan asansè a elabore pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè yo, espesyalman sa nan machin yo. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondwi. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeyi règ arè 4 wout lan nan entèseksyon ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone yo.
- Sonje ke ekipman tankou gichè automatik yo (automated teller machine, ATM) ak asansè yo ka pa fonksyone.
- Si ka pa gen kouran pandan yon dire tan ki pwolonje, planifye pou ou ale nan yon lòt lokal, tankou lakay yon manm fanmi oswa zanmi ou, oswa nan yon etablisman piblik ki gen chofaj.

Pou ou ka jwenn yon lis konplè kondisyon metewo ak lide pou preparasyon yo anvan, pandan ak apre yon entèripsyon kouran, ale sou sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou <http://www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/outage/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)